




Illustrations d' Albert Manson  
Ilistrasyon: Albert Manson

# Sait comment être en sécurité auprès des chiens!

## Konn ki prekosyon pou l pran bò chen!

### Je promets de :


- ★ Toujours demander avant de caresser un chien.
- ★ Garder ma figure loin de celle du chien!
- ★ « Être immobile comme un arbre » ou « être comme un rocher » si un chien détaché vient près de moi.
- ★ Ne jamais embêter un chien qui est en train de manger, de dormir ou de s'occuper de ses petits.



### Mwen pwomèt:

- ★ Toujou mande anvan w karese yon chen.
- ★ Kenbe figi m lwen figi chen!
- ★ "Pran pòz mwen se yon pyebwa" oubyen "Pran pòz mwen se yon wòch" si yon chen lage vin toupre m.
- ★ Pa jam deranje yon chen pandan l ap manje, dòmi oubyen lè l avèk ti chen li.

Les chiens pensent qu'il possèdent des choses, comme leurs jouets, leur nourriture, leur maison et les gens qui y vivent.



Gen bagay chen ki pou yo, tankou  
jwèt yo, manje yo, kay yo ak moun ki rete ladan.


N'embête jamais un chien lorsque ...

Pa janm deranje yon chen pandan ...




N'embête jamais un chien lorsque...


Pa janm deranje yon chen pandan...



il est derrière  
une clôture,  
li dèyè kloti,




ou dans une voiture,  
oubyen nan machin,



même si  
c'est un  
chien que  
tu connais.  
menm si se  
yon chen ou  
konnen.

Garde ta figure loin  
de celle du chien.

Kenbe figi w lwen figi chen





Toujours demander au propriétaire avant de caresser un chien.


Toujou mande mèt la an anvan w karese chen an.

Si un chien détaché s'approche de toi, « sois immobile comme un arbre »  
Ne regarde pas directement vers le chien .



Si yon chen lage vin toupre w, "Pra pòz ou se yon pyebwa.  
Pa gade chen an.

Mets toi en boule et « sois immobile comme un rocher » si un chien détaché s'approche de toi lorsque tu es au sol ou si un chien te fait tomber.




Woule an boul epi "Pran pòz ou se yon wòch" si yon chen lage vin toupre w pandan ou atè, oubyen si yon chen fè w tonbe.

Si un chien t'attaque, mets quelque chose entre le chien et toi.

**Ne cours pas ! Reste immobile.**

Préviens immédiatement tes parents si un chien t'as mordu.



Si yon chen atake w, mete yon bagay nan mitan ou menm avèk chen an.

Pa kouri! Pran pòz ou se yon pyebwa.

Di paran w sa touswit si chen mòde w.

# Message aux parents

Les enfants sont naturellement attirés par les chiens. Les conseils suivants vous aideront à éviter des problèmes entre vos enfants, les autres membres de la famille et des chiens. Suivez bien ces conseils avec vos enfants.

## Apprenez aux enfants à :

- Toujours demander au propriétaire avant de caresser un chien. De nombreux chiens n'aiment pas être touchés au niveau de la tête, des oreilles ou des pattes. Le meilleur endroit pour caresser un chien est son dos ou ses flancs.
- Éloigner leur visage de la tête des chiens !!! Près des 2/3 des morsures chez les jeunes enfants se produisent à la tête ou au cou.
- « Reste immobile comme un arbre » si un chien détaché s'approche d'eux. Ils ne doivent pas bouger jusqu'à ce que le chien s'éloigne. Les chiens poursuivront les enfants qui hurlent et qui s'enfuient en courant. Un chien peut toujours rattraper un enfant qui court ou qui est en vélo.
- « Reste immobile comme un rocher » si un chien détaché s'approche d'eux lorsqu'ils sont au sol. Les enfants devraient se mettre en boule, le visage tourné vers le sol et les bras recouvrant le cou et les oreilles. Ils devraient rester dans cette position jusqu'à ce que le chien s'en aille.
- Ne jamais embêter un chien qui est en train de manger, de dormir ou de s'occuper de ses petits.
- Ne jamais embêter un chien qui est dans une voiture, derrière une clôture ou attaché, même si c'est un chien qu'ils connaissent. Les chiens protègent les choses qu'ils considèrent leur appartenir (maison, cour, voiture, etc.).

## Rappelez-vous :

- Ne laissez jamais un bébé ou un petit enfant seul avec un chien, même si c'est le chien de la famille!
- Si vous avez des jeunes enfants, réservez une place tranquille pour votre chien, hors de portée des enfants.

## En cas de morsure par un chien :

- Nettoyez soigneusement la morsure avec de l'eau et du savon.
- Récupérez un maximum d'informations sur le chien (race, couleur, taille du chien, nom du propriétaire, endroit où le chien vit, endroit où la morsure a eu lieu, etc.).
- Allez au dispensaire ou au centre de santé.
- Rapportez la morsure au contrôle vétérinaire de votre région.

People and Animals Together, Avril 2010

Les partenaires de la communauté de Wake County pour promouvoir des interactions positives, saines et sans risque avec les animaux.



Human Services

# Mesaj pou Paran

Timoun gen kiryozite natirèl pou chen. Konsèy sila yo ap ede pwoteje timoun ak lòt manm fanmi lè yo pre chen. Pa blye pratike konsèy sa yo avèk pitit ou.

## Montre timoun yo:

- Toujou mande mèt la an anvan yo karese yon chen. Gen anpil chen ki pa renmen yo manyen yo sou tèt, sou zòrèy oubyen nan pye. Pi bon kote pou karese chen se sou kote oubyen sou do.
- Kenbe figi yo lwen figi chen!!! Prèske detyè (2/3) mòde jèn timoun pran se nan tèt ak nan kou.
- "Pran pòz yo se pyebwa" si yon chen lage vin toupre yo. Yo dwe rete konsa jiskaske chen an ale. Chen ap kouri dèyè timoun ki rele ak kouri. Timoun pa kapab ni kouri ni pedale pi vit pase chen.
- "Pran pòz yo se wòch" si yon chen lage vin toupre yo pandan yo atè. Timoun yo woule anboul, avèk figi yo fas atè epi bra yo kouvri zòrèy yo ak kou yo. Yo dwe rete konsa jiskaske chen an ale.
- Pa janm deranje yon chen pandan li ap manje, dòmi oubyen lè li avèk ti chen li.
- Pa janm deranje yon chen pandan li nan machin, dèyè kloti, oubyen mare—menm si se yon chen yo konnen. Chen pwoteje sa yo konsidere ki pa yo (kay, lakou, machin, elatriye)

## Sonje:

- Pa janm kite tibebe oubyen timoun piti poukонт yo avèk ankenn chen, menm si se bèt kay la!
- Si w gen timoun piti, ranje yon kote an sekirite pou chen w lan kote timoun yo "pa kapab rive."

## Si chen mòde w:

- Netwaye mòde a avèk savon ak dlo.
- Jwenn leplis enfòmasyon ou kapab sou chen an (ras, koulè, gwosè, non mèt li, kote chen an rete, kote li mòde a, elatriye).
- Al kay doktè.
- Rapòte mòde a bay Ajans Kontwòl Zannimo ki bò lakay ou a.

People and Animals Together, Avril 2010

Lidè komunitè nan Konte Wake County k ap travay pou ankoraje rapò san danje, sen ak pozitif ant moun ak zannimo.



Human Services